

Vaksen MMRV (Lawoujòl, Malmouton, Ribeyòl, ak Varisèl): Sa Ou Dwe Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang kreyòl ayisyen ak nan lòt lang. Gade nan www.immunize.org/vis

1 Poukisa moun dwe pran vaksen?

Lawoujòl, malmouton, ribeyòl, ak varisèl se maladi viral ki ka gen konsekans grav. Anvan te gen vaksen, maladi sa yo te kouran anpil nan Etazini, espesyalman nan pami timoun yo. Yo kouran toujou nan anpil kote nan mond lan.

Lawoujòl

- Viris lawoujòl lakòz sentòm ki ka gen ladan lafyè, tous, nen k ap koule, ak zye wouj k ap koule dlo, epi souvan annapre yon gratèl ki kouvri tout kò a.
- Lawoujòl ka lakòz enfeksyon nan zòrèy, dyare, ak enfeksyon nan poumon (nemoni). Raman, lawoujòl ka lakòz domaj nan sèvo oswa lanmò.

Malmouton

- Viris malmouton lakòz lafyè, maltèt, doule nan misk, fatig, pèdi apeti, ak glann saliv yo ki anfle ak sansib anba zòrèy yo sou youn oswa sou toude bò.
- Malmouton ka lakòz moun vin soud, anfleman kouvèti sèvo a ak/oswa mwal epinyè a (ansefalit oswa menenjit), anfleman ki fè mal nan testikil yo oswa ovè yo, epi trè raman, lanmò.

Ribeyòl (ke yo rele tou **Lawoujòl Alman**)

- Viris ribeyòl lakòz lafyè, malgòj, gratèl leve sou po, maltèt, ak iritasyon nan zye.
- Ribeyòl ka lakòz atrit nan jiska mwatye fi adolesan ak adilt.
- Si yon fanm gen ribeyòl pandan li ansent, li kapab fè yon foskouch oswa tibebe li a kapab fèt avèk malfòmasyon ki grav.

Varisèl (ki rele tou **Saranpyon**)

- Varisèl lakòz yon demanjezon ki dire yon semèn anjeneral, anplis lafyè, fatig, pèdi apeti, ak maltèt.
- Varisèl ka lakòz enfeksyon nan po, enfeksyon nan poumon (nemoni), anflamasyon nan veso sangen, anfleman kouvèti sèvo a ak/oswa mwal epinyè a (ansefalit oswa menenjit) ak enfeksyon nan san, zo, oswa jwenti. Raman, varisèl kapab lakòz lanmò.
- Sètèn moun ki trape varisèl gen yon gratèl ki fè mal ki leve sou yo ki rele zona (ke yo rele èpès zoster tou) plizyè ane pita.

Maladi sa yo kapab simaye fasilman ant yon moun ak yon lòt moun. Lawoujòl pa menm bezwen kontak pèsònèl. Ou ka trape lawoujòl si w antre nan yon chanm ke yon moun ki gen lawoujòl kite deja depi jiska 2 èdtan.

Vaksen yo ak gwo pousantaj vaksinasyon yo te fè maladi sa yo mwen kouran anpil Ozetazini.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè you rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.

MMRV VIS – Haitian Creole (2/12/18)

2 Vaksen MMRV

Yo ka bay timoun laj 12 mwa jiska 12 ane **vaksen MMRV**. Yo rekòmande de dòz yo anjeneral:

- Premye dòz: Laj 12 mwa jiska 15 mwa
- Dezyèm dòz: Laj 4 an jiska 6 an

Li ta ka rekòmande pou pran yon twazyèm dòz MMR nan sètèn sityasyon deklanchman malmouton.

Pa gen okenn risk yo konnen ki genyen lè yon moun resevwa vaksen MMRV ansanm avèk lòt vaksen.

Alaplas MMRV, sètèn timoun ki gen laj 12 mwa jiska 12 ane ka pran 2 vaksen apa: **MMR (lawoujòl, malmouton ak ribeyòl) ak saranpyon (varisèl)**. MMRV pa otorize pou moun ki gen laj 13 ane oswa plis. Gen Bilten Enfòmasyon sou Vaksen apa pou vaksen MMR ak vaksen kont varisèl. Founisè swen sante w la kapab ba ou plis enfòmasyon.

3 Sètèn moun pa dwe pran vaksen sa a

Di moun k ap bay timoun ou an vaksen an si timoun nan:

- Gen nenpòt alèji grav, ki mete lavi an danje.** Yon moun ki te gen deja yon reyaksyon alèjik ki menase lavi apre yon dòz vaksen MMRV, oswa ki gen yon alèji grav ak nenpòt pati nan vaksen sa a, yo gendwa konseye pou moun sa pa pran vaksen an. Si ou vle enfòmasyon sou eleman ki konpoze vaksen an, mande founisè swen sante w.
- Gen yon sistèm defans kò ki febli akòz maladi** (tankou kansè oswa VIH/SIDA) oswa tretman medikal (tankou radyasyon, iminoterapi, estewoyid, oswa kimoterapi).
- Konn gen kriz, oswa gen yon paran, yon frè oswa yon sè ki konn gen kriz.**
- Gen yon paran, yon frè oswa yon sè ki konn gen pwoblèm nan sistèm defans yo.**
- Te gen deja yon pwoblèm ki fè vyann li mètri oswa li senyen fasil.**
- Ansent, oswa panse li pètèt ansent.** Yo pa dwe bay vaksen MMRV pandan gwosès.
- Ap pran salicylate (tankou aspirin).** Moun dwe evite pran salicylate pandan 6 semèn apre yo fin resevwa yon vaksen ki gen varisèl ladan.
- Te resevwa yon transfizyon san pa twò lontan oswa lòt pwodui abaz san.** Yo ka konseye pou ranvwaye vaksinasyon MMRV timoun ou an pou 3 mwa omwen.



U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

- **Gen tibèkiloz.**
- **Te pran nenpòt lòt vaksen nan 4 semèn ki sot pase yo.** Lè yo bay vaksen yo twò pre ansanm, yo ka pa travay byen menm jan.
- **Pa santi w byen.** Si timoun ou an gen yon maladi lejè, tankou yon rim, li ka pwobableman pran vaksen an jodi a. Si timoun ou an malad nan fason modere oswa grav, ou ta dwe rete tann jiskaske timoun nan refè. Doktè w kapab ba ou konsèy.

4 Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen

Avèk nenpòt medikaman, gen yon chans pou reyaksyon, vaksen ladan tou. Sa yo jeneralman lejè epi yo disparèt poukont yo, men reyaksyon grav ka posib tou.

Gen plis sekirite lè w pran vaksen kont MMRV pase pou w ta trape maladi lawoujòl, malmouton, ribeyòl, oswa varisèl. Pifò timoun ki pran vaksen MMRV pa gen okenn pwoblèm avèk li.

Aprè vaksinasyon MMRV, yon timoun ka gen:

Evènman minè:

- Bra fè mal nan kote li pran piki a
- Lafyèy
- Po wouj oswa gratèl leve nan kote li pran piki a
- Glann anfle nan bò figi yo oswa nan kou

Si evènman sa yo rive, yo kòmanse anjeneral nan lespas 2 semèn apre piki a. Yo rive mwen souvan apre dezyèm dòz la.

Evènman modere:

- Kriz (sakad oswa rete je fiks) ki asosye souvan ak lafyèy
- *Risk pou gen kriz sa yo pi gwo apre MMRV pase apre vaksen MMR ak vaksen kont varisèl apa lè yo bay li kòm premye dòz nan seri a.*
Doktè w ka konsèy w sou vaksen ki apwopriye pou timoun ou an.
- Kantite plakèt ki ba pou yon ti tan, sa ki ka lakòz senyen oswa vyann mètri nan fason ki pa abitud
- Enfeksyon nan poumon yo (nemoni) oswa nan kouvèti sèvo a ak mwal epinyè a (ansefalit, menenjit)
- Gratèl leve sou tout kò a

Si timoun ou an vin gen yon gratèl ki leve sou li apre vaksinasyon an, li ka gen rapò ak eleman varisèl la nan vaksen an. Yon timoun ki gen yon gratèl leve sou li apre vaksinasyon MMRV ta kapab transmèt viris vaksen varisèl la bay yon moun ki pa pwoteje. Menm si sa rive trè raman, timoun ki vin gen yon gratèl leve sou yo dwe rete lwen moun ki gen sistèm defans kò febli ak lwen tibebe ki pa vaksinen jiskaske gratèl la disparèt. Pale avèk founisè swen sante ou pou w aprann plis.

Yo rapòte evènman grav trè raman apre vaksinasyon MMR, epi yo ka rive tou apre MMRV. Yo gen ladan:

- Moun vin soud
- Kriz pandan anpil tan, koma, konnesans ki bese
- Domaj nan sèvo

Lòt bagay ki ta ka rive apre vaksen sa a:

- Pafwa moun endispoze apre pwosedi medikal, apre yon vaksen tou. Chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit kapab ede anpeche endispoze ak blese si w tonbe. Fè founisè swen ou konnen si ou santi toudisman, oswa ou gen chanjman nan vizyon oswa si zòrèy ou ap boudonnen.
- Sèten moun gen doulè nan zepòl ki kapab pi grav ak dire pi lontan pase doulè moun kapab santi dòdinè apre enjeksyon. Sa rive trè raman.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèjik grav. Yo estime kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen se mwens pase 1 ka sou

yon milyon dòz, epi sa ta rive nan kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans pou yon vaksen koze yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwole sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: www.cdc.gov/vaccinesafety/

5 Kisa k ap pase si gen yon pwoblèm grav?

Kisa mwen dwe chèche?

- Chèche nenpòt bagay ki enkyete w, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyèy ki wo anpil, oswa konpòtman anòmal.

Siy yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, toudisman ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse anjeneral nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

Kisa mwen dwe fè?

- Si ou panse se yon **reyaksyon alèjik ki grav** oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa ale nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele founisè swen sante ou.

Aprè sa, yo dwe rapòte reyaksyon an nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS)(Sistèm Rapò sou Efè Segondè Vaksen). Doktè ou dwe fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab rele nan **1-800-822-7967**.

VAERS pa bay konsèy medikal.

6 Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan pran Vaksen

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo ka te pran chòk nan pran yon vaksen, pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon, yo kapab rele nan **1-800-338-2382** oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation. Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

7 Kijan mwen kapab aprann plis enfòmasyon?

- Mande founisè swen sante ou. Li ka ba ou yon avi ki vini ak vaksen an oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Kontakte Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi):
- Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
- Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines

DCH-1494HC AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Vaccine Information Statement

MMRV Vaccine

2/12/2018

Haitian Creole



42 U.S.C. § 300aa-26